

ANTONIM WONTEN ING NOVEL NGLARI WOTING ATI
ANGGITANIPUN FITRI GUNAWAN

E - JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Syarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



dening
Putri PancaPurnawati
NIM 10205241012

Yogyakarta, 25 Januari 2018
Ketua Jurusan,



Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

Yogyakarta, 25 Januari 2018
Pembimbing,



Nurhidayati, S. Pd. M. Hum.
NIP. 19780610 2001 12 2 002

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018

ANTONIM WONTEN ING NOVEL NGLARI WOTING ATI ANGGITANIPUN FITRI GUNAWAN

THE ANTONYM IN NGLARI WOTING ATI WRITTEN BY FITRI GUNAWAN

Dening : Putri Panca Purnawati, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. poeputribontot@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten punika ngandharaken babagan *antonim* wonten ing novel Nglari Woting Ati. Ingkang badhe kaandharaken inggih punika : 1) wujudipun *antonim*, 2) *tipe-nipun antonim*, saha 3) tegesipun *antonim*. Panaliten punika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumber *datanipun* inggih punika novel Nglari Woting Ati. *Data* ing panaliten punika arupi pasangan *antonim*. Caranipun ngempalaken *data* ing panaliten punika kanthi *teknik* maos saha nyerat. Caranipun *nganalisis* data ing panaliten punika kanthi *metode deskriptif*. *Data dipunanalisis* kanthi ngandharaken wujud, *tipe*, saha tegesipun *antonim*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih punika *validitas semantik*. Salajengipun, *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih punika *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten punika ngandharaken wujudipun *antonim* wonten ing novel Nglari Woting Ati ingkang wonten sekawan, inggih punika *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud *frasa*, *antonim* wujud *klausa*, saha *antonim* wujud ukara. Lajeng tipenipun *antonim* ingkang kapanggihaken wonten sekawan, inggih punika *antonim tipe biner*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang*, saha *antonim tipe khusus*. Saben wujudipun *antonim* dipunperang miturut *tipeantonim-ipun*. *Antonim* wujud tembung kaperang dados sekawan *tipe*, inggih punika *antonim tipe biner*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang*, saha *antonim tipe khusus*. *Antonim* wujud *frasa* ugi kaperang dados sekawan *tipe*, inggih punika , inggih punika *antonim tipe biner*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang*, saha *antonim tipe khusus*. *Antonim* wujud *klausa* kaperang dados kalih *tipe*, inggih punika *antonim tipe gradual* saha *antonim tipe khusus*. Salajengipun *antonim* wujud ukara kaperang setunggal *tipe*, inggih punika *antonim tipe gradual*. Tegesipun *antonim* ing panaliten punika arupi teges *gramatikal*, inggih punika tegesipun pasangan *antonim* adhedhasar *konteks* ukaranipun.

Pamijining Tembung: *Antonim*, novel Nglari Woting Ati

Abstract

This research is explain about the antonym in a Novel title of Nglari Woting Ati. There are three explanations which will be explained, such as: 1. The shape of Antonym, 2. The Type of Antonym, and 3. The Meaning of Antonym. This research is a descriptive research. The data resources take by Nglari Woting Ati's Novel. The data of the research are pairs of antonym. To collect the data in this research is used Reading and Writing Technic. To analyze the data in this research use descriptive methode. The data is analyzed wiht explain the shape, the type, and the meaning of antonym. For the validity, I use Semantik Validity. Then, for the realibity, I use stability reabilities. The result of the research is explain the shape of antonym in Nglari Woting Ati's Novel are divided into four parts, such as Word Antonym Shape, Phrase Antonym shape, Clause Antonym shape, and Sentence Antonym Shape. Then, for the type of antonym are divided into four, such as Binner Antonym Type, Gradual Antonym type, Terraced Antonym Type, and Special Antonym Type. Each shape of antonym is divided based on the type itself. Word antonym shape is divided into four part, are Binner Antonym Type, Gradual Antonym type, Terraced Antonym Type, and Special antonym type. Phrase antonym shape is divided into four parts, such as Binner Antonym type, Gradual Antonym type, Terracaed Antonym type, and specila antonym type. Clause antonym is divided into two parts: Gradual Antonym Type and Special antonym type. Then, Sentence antonym is divided into one part, is Gradual Antonym Type. The meaning of antonym in this research is Grammatical Meaning, it is a meaning of pairs antonym based on Sentence Contex.

Keywords : Antonym, Nglari Woting Ati's Novel.

PURWAKA

Basa minangka sarana kangge ngandharaken pikiran, penggalih, saha pangraosing panutur. Pikiran, penggalih, saha pangraosing panutur punika saged dipunandharaken mawi lisan saha seratan. Asiling basa awujud seratan ingkang dipunripta dening panutur punika dipunwujudaken lumantar karya sastra. Panganggit karya sastra punika kagungan titikan piyambak-piyambak ingkang boten sami antawis panganggit satunggal kalihan panganggit sanes.

Karakteristik panganggit punika dipunwujudaken wonten tembung-tembung ingkang dipunginakaken wonten salebeting karya sastra. Panganggit ngginakaken tembung-tembung tartamtu kangge nuwuhaken raos tartamtu wonten ing karya sastranipun. Tembung-tembung minangka *karakteristik* panganggit punika saged dipunwujudaken lumantar panganggening tembung *antonym* wonten salebeting karya sastra. Tembung *antonym* gadhah makna ingkang siningit, ingkang saged nuwuhaken raos tartamtu kangge para pamaos karya sastra punika.

Tembung-tembung *antonym* asring dipunginakaken dening panganggit kangge ngandharaken pamanggih dhateng pamaos. Salah satunggaling panganggit ingkang ngandharaken cariyos karya sastranipun ngangge tembung-tembung *antonym* inggih punika Fitri Gunawan, lumantar novel kanthi irah-irahan Nglari Woting Ati.

Umumipun pamaos boten mangertosi bilih pasangan-pasangan *antonim* ing novel punika maneka warni wujud saha tipenipun. Umumipun

masyarakat namung mangertosi bilih sedaya *antonim* punika sami kemawon. Bab punika wigatos sanget dipunpahami amargi saking punika pamaos langkung saged nyerap punapa ingkang badhe dipunandharaken panganggit. Adhedhasar punika, pramila panaliten ingkang gadhah irah-irahan “Antonim Wonten ing Novel Nglari Woting Ati Anggitanipun Fitri Gunawan” punika prelu katindakaken.

GEGARAN TEORI

Semantics is generally defined as the study of meaning (Lyons, 1976:1) Tegesipun *semantik* inggih punika salah satunggaling cabang *linguistik* ingkang kanthi *tradisional*, *dipundefinisikaken* minangka ngelmi ingkang nyinau tegesipun *tembung*, *frasa* lan *teks*. Semantik miturut Chaer (1990: 2) minangka istilah ingkang dipunginakaken wonten bidang *linguistik* ingkang nyinau sesambetan antawisipun tandha-tandha *linguistik* kaliyan bab ingkang dipuntandhai. Pramila semantik minangka ngelmu babagan tegesing tembung.

Teges ingkang dipunrembag wonten ing *semantik* boten namung tegeswonten ing tembung kemawon, ananging ugi teges ingkang wonten ing *frasa*, saha teges ingkang wonten ing ukara. *Semantik* minangka salah satunggaling perangan *struktur bahasa* gadhah peran ingkang wigati wonten ing kajian sastra mliginipun babagan *telaah makna*. Makna kata dados bidang kajian wonten ing ngelmu *semantik*.

Salah satunggaling babing kang dipunrembag Ing *semantik* inggih punika bab relasi makna. Ing relasi makna punika ingkang dipunrembag inggih punika perkawis-perkawis

kados *sinonim*, *antonim*, *hiponim*, lsp. Ing karya sastra tamtu kathah dipunpanggihaken tembung-tembung, ukara utawi frasa ingkang ngewrat relasi makna punika.

Makna inggih punika gegayutanipun antawisipun perangan peranganipun basa, mliginipun tembung (Fatimah, 1993: 5). Dene miturut Leech (wonten ing Hadiwidjoyo, 1993: 16) makna inggih punika gegayutan antawisipun sedaya ingkang saged *dikomunikasikan* kaliyan basa. Salajengipun miturut Kridalaksana (2001: 1993) makna inggih punika andharan saking pawicantenan utawi tindak tandukipun tiyang mawi individu utawi kelompok ingkang gadhah *pengaruh satuan bahasa* saengga mujudaken *persepsi* ingkang beda-beda.

Pateda (1989: 15) nyebataken bilih istilah *makna* minangka istilah ingkang mbingungaken. Miturut Grice saha Bolinger (lumantar Aminudin, 2001:53) *makna* inggih punika gegayutan antawisipun basa kaliyan kawruh ing njawi ingkang sampun dipunsarujuki dening para pengangge basa satemah saged dipunmangertosi sesarengan. Makna inggih punika teges, *maksud* penutur utawi penganggit (KBBI, 2007: 703).

Saking pamanggih wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *makna* inggih punika satunggaling ingkang kaemot wonten ing tembung utawi basa ingkang sampun dipunsarujuki dening pengangge basa satemah tembung utawi basa kasebut saged dipunginakaken kangge komunikasi.

Salah satunggaling tipe relasi makna inggih punika *antonim*. Miturut Mulyana (2008: 34) *antonim* inggih punika tembung ingkang gadhah

teges kosok balen kalihan tembung sanesipun. Verhaar (lumantar Sukardi, 1995:10-11) ngandharaken bilih antonim asalipun saking tembung Yunani “anoma” ingkang ateges jeneng saha tembung “anti” ingkang ateges nglawan, pramila antonim saged dipunmangertosi tetembungan ingkang ngemu teges ingkang beda kaliyan tetembungan ingkang sanes.

Verhaar (lumantar Sukardi, 1995:14) ngelompokaken *antonim* adhedhasar *tataran satuan lingual* ingkang dipunperang dados tiga: inggih punika *antonim* antawisipun ukara, *antonim* antawisipun *frasa*, *antonim* antawisipun tembung lan *antonim* antawisipun *morfem*. Ananging *antonim* antawisipun *morfem*, boten dipunpanggihaken ing basa Jawi.

Wujud antonim punika kaperang dados: *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud *frasa*, *antonim* wujud *klausa*, *antonim* wujud ukara

Sukardi (1995: 18) ngandharaken bilih *antonim* ing basa Jawa punika dipunperang dados gangsal *tipe*, inggih punika *antonim biner*, *antonim majemuk*, *antonim gradual*, *antonim berjenjang* lan *antonim khusus*. Ananging antonim tipe majemuk dipunanggep mboten relevan amargi anggota ing tipe punika dipunsebat *hiponim* sanes *antonim*.

Nurgiantoro (2009: 9) ngandharaken novel *asal*-ipun saking basa Italia *novella*, wonten ing basa Jerman kasebut *novelle*, lajeng wonten ing basa Yunani *novellus*. Salajengipun mlebet wonten ing Indonesia dados novel. Peparab ingkang dipunwastani novel inggih punika salah satunggaling karya fiksi ingkang cakupanipun winates. Sayuti (2000 : 29) ngandharaken bilih novel punika boten dawa

sanget ugi boten cekak. Kathahing kaca ing novel langkung kathah tinimbang ing cerkak nanging boten wonten paugeran babagan dawa cendhaking novel.

Novel minangka salah satunggaling karya fiksi ugi nggatosaken bab tembung ingkang ngrantam ukara ing salebeting cariyos. Cariyos ingkang ngewrat tetembungan boten salugunipun utawi gadhah *makna* ingkang siningit ndadosaken novel langkung narik kawigatosan. Nurgiantoro (2009 : 22-23) mratelakaken bilih novel minangka totalitas, novel gadhah perangan-perangan, unsur-unsur ingkang gegayutan satunggal kaliyan sanesipun kanthi raket saha sami mbetahaken.

CARA PANALITEN

Panaliten punika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* wonten ing panaliten punika awujud tembung, frasa, klausa saha ukara-ukara ingkang ngewrat tembung antonym wonten ing salebeting novel. *Sumber data* panaliten punika saking novel Jawi kanthi irah-irahan Nglari Woting Ati anggitanipun Fitri Gunawan. Caranipun ngempalaken data kanthi *teknik maos* saha *teknik nyerat*. *Data kaanalisis* kanthi *deskriptif*.

Caranipun nganalisis sasampunipun pamaos maos saha nyerat, pamaos milah-milah data ingkang makempal miturut wujudipun antonim. Perangan punika saged awujud tembung, frasa, klausa saha ukara ingkang ngewrat tembung antonim, salajengipun kaserating kertu *data*. Lajeng dipunpilah *data-data* ingkang sampun dipunserat wontening kertu *data dipunanalisis* kangge manggihaken

antonym adhedhasar wujud saha tipenipun antonim. *Analisis* punika lajeng dipunlebetaken wonten ing tabel *analisis* kangge nggampilaken pirembagan. Cara ngesahaken panaliten punika ngginakaken *Validitas semantis-kontekstual* saha *reliabilitas*.

ASILING PANALITEN

Asil saking panaliten punika nedahaken bilih wonten ing novel Nglari Woting Ati punika kathah dipunpangguhaken *antonim*. *Antonim* ingkang wonten ing novel Nglari Woting Ati punika maneka warni wujudipun, inggih punika *antonim* wujud tembung, *antonim* wujud *frasa*, *antonim* wujud *kalusa* saha *antonim* wujud ukara. Salajengipun, *tipenipun antonym* ingkang wonten ing novel Nglari Woting Ati punika ugi maneka warni, antawisipun inggih punika *antonym biner*, *antonym gradual*, *antonim berjenjang*, saha *antonim khusus*. Antonim wujud tembung inggih punika kalih tembung utawi langkung ingkang ngewrat teges kosok balen.

Ing salabeting novel Nglari Woting Ati punika saged dipunpangguhaken mapinten-pinten *antonim* wujud tembung *tipe biner*.

Tuladhanipun, saged dipunpangghihi data turu >< tangi. Tembung tangi lan turu punika saged kalebet antonim amargi dipuntingali saking tegesipun inkang kosok balen. Turu gadhah teges leren utawi ngaso meremake mripat, dene tangi gadhah teges melek saking tilem utawi turu. Pramila adhedhasar tegesipun punika, turu lan tangi kalebet saking tembung antonim.

Tembung punika kalebet *antonim* wujud tembung amargi ing ukara punika, ingkang ngewrat teges kosok balen namung antawisipun

tembung turu lan tangi kemawon. Tembung turu lan tangi punika arupi tembung lingga.

Salajengipun adhedhasar teori ingkang dipunginakaken minangka landhasan, data punika kalebet *antonim tipe biner* amargi pasangan *antonim* turu >< tangi punika kasusun saking kalih tembung kemawon. Tembung turu boten saged dipasangaken kaliyan tembung sanesipun tangi, amargi ing kasunyatan, menawi tiyang punika turu (sare) saklajengipun menawi sampun tutug anggenipun sare, bakale tangi (wungu). Tiyang dipunanggep sampun rampung anggenipun ngaso sare (turu) menawi sampun wungu (tangi). Adhedhasar punika, pramila (NWA/I/12/6) kalebet *antonim tipe biner*.

Tegesipun turu lan tangi ing (NWA/I/12/6) dipuntingali saking konteks ukaranipun inggih punika penutur dhawuh dhateng lawan tutur supados sare rumiyin.

Antonim wujud tembung sasanecipun inggih punika *antonim* wujud tembung *tipe gradual*. Antonim tipe gradual inggih punika pasangan antonim ingkang arupi tingkatan. Titikanipun antonim tipe punika, anggotanipun saged dipunwiyaraken, pramila saged nedahaken tingkatan.

Saking (NWA/II/65/16) saged dipunpanggihaken pasangan *antonim* mentah><mateng. Mentah lan mateng punika saged dados pasangan *antonim* dipuntingali saking tegesipun. Mentah punika tembung kahanan ingkang gadhah teges dereng mateng dereng enak didhahar, dene mateng punika ugi tembung kahanan ingkang gadhah teges sampun tuwa lan sampun enak didhahar.

Dipuntingali saking tegesipun tembung, mentah >< mateng kalebet tembung kosok balen amargi ngengingi bab kahanan ingkang beda.

Mentah lan mateng kalebet *antonim* wujud tembung amargi ingkang ngewrat teges kosok balen namung antawisipun tembung mentah lan mateng kemawon. Mentah lan mateng punika kasusun saking setunggal leksem kemawon.

Adhedhasar teori ingkang dipunginakaken minangka landhasan, (NWA/II/65/16) kalebet pasangan *antonim gradual* amargi pasangan mentah lan mateng punika nedahaken tingkatan kahananipun dhaharan. Tembung mentah lan mateng punika taksih saged dipunwiyaraken. Ing antawisipun mentah lan mateng punika wonten rada mateng, mateng banget, lsp. Mateng punika menawi dipunegasikaken ngangge tembung dereng, dados dereng mateng. Dereng mateng punika merujuk kahanan dhaharan saged radi mateng, gemadhing, lsp.

Tegesipun tembung mentah lan mateng wonten data (NWA/II/65/16) miturut konteksipun inggih punika kahanan buwah pisang saking Meksiko ingkang dipunkirim dhateng Washington punika menawi taksih wonten margi mentah, ananging dumugi Washington saged langsung mateng.

Antonim wujud tembung ingkang sanesipun inggih punika *tipe berjenjang*. Saking pethikan (NWA/II/41/11) ing nginggil saged dipunpanggihaken pasangan antonim SMP >< SMA >< S1. SMP, SMA, lan S1 punika arupi *antonim* amargi SMP, SMA, lan S1 punika nedahaken tingkatan pendhidhikan

ingkang beda wonten ing cara pamulanganipun. Pramila adhedhasar saking landhasan punika, tembung cekakan SMP, SMA lan S1 punika nedahaken tembung kosok balen utawi antonim.

SMP, SMA, lan S1 punika kalebet *antonim* wujud tembung amargi saking pethikan ing nginggil ingkang gadhah teges kosok balen namung antawisipun tigang tembung cekakan, SMP, SMA, lan S1 kemawon.

Miturut teori ingkang dipunginakaken minangka landhasan, data (NWA/II/41/11) punika kalebet *antonim tipe berjenjang* amargi SMP, SMA lan S1 punika nedahaken tingkatan wonten ing bab pendhidhikan. SMP punika tingkat pendidikan ingkang yuswa siswanipun udakara tiga welas dumugi gangsal welas taun. SMA punika tingkat pendidikan ingkang yuswa siswanipun udakara nembelas taun dumugi wolulas taun. S1 punika tingkat pendidikan ingkang yuswa siswanipun saking wolulas taun dumugi boten winates. Urutanipun tingkatan pendidikan punika saking TK, SD, SMP, SMA, S1, S2, Isl. Pramila adhedhasar landhasan punika, tembung cekakan SMP, SMA, lan S1 punika kalebet *antonim tipe berjenjang*.

Tegesipun SMP, SMA, S1 ing (NWA/II/41/11) dipuntingali saking *konteks* karaniipun inggih punika penutur, wonten mriki Muherdini ngandharaken bilih sistem pamulangan wonten ing tigang tingkatan pendidikan punika inggih punika SMP, SMA, lan S1 kala rumiyin punika guru lan dosen asring boten saged paring wangsulan ingkang trep kalihan pitakenan para siswanipun. Para

siswa namung dipunparingi wangsulan sawontenipun kemawon.

Salajengipun *Antonim* wujud tembung ingkang pungkasan inggih punika *antonim* wujud tembung *tipe* khusus. *Antonim* wujud tembung *tipe* khusus ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika (NWA/II/77/19).

Saking pethikan ing nginggil saged dipunpanggihaken pasangan *antonim* kiwa><tengen. Kiwa lan tengen punika arupi *antonim* dipuntingali saking tegesipun. Kiwa lan tengen inggih punika kalih sisihing papan. Kiwa lan tengen punika arahipun *bertolak belakang* sanget. Pramila ndadosaken tembung kiwa lan tengen punika arupi pasangan *antonim*. Pasangan *antonim* punika arupi *antonim* wujud tembung amargi ingkang ngewrat teges kosok balen namug antawisipun tembung kiwa lan tengen. Tembung kiwa lan tengen punika arupi tembung lingga.

Adhedhasar teori ingkang dipunginakaken minangka landhasan, (NWA/II/77/19) kalebet pasangan *antonim tipe* khusus. (NWA/II/77/19) punika kalebet *antonim khusus* ingkang *biner peka konteks* amargi pasangan *antonim* punika mirip kaliyan *antonim biner*, ananging kawontenan pasangan *antonim* punika adhedhasar konteksipun, inggih punika pinujuning keris. Menawi ingkang dados konteks ing ukara tuladhanipun larikan peserta upacara, samangke saged wonten anggota *antonim* sanesipun malih kadosta, ngajeng kaliyan wingking. Adhedhasar punika (NWA/II/77/19) kalebet *antonim khusus*.

Tegesipun (NWA/II/77/19) miturut konteksipun inggih punika, penutur inggih punika Muherdini sampun bramantya amargi anggenipun Rudi beksan punika sampun medal saking pakemipun, pramila Muherdini asal kemawon anggenipun nyudukaken kerin dhateng badanipun Rudi.

Antonim wujud *frasa* inggih punika sepasang *antonim* ingkang saben anggotanipun punika kasusun saking kalih tembung utawi langkung ingkang dumados saking inti lan atributif utawi kuwalikanipun. Wonten mapinten-pinten *antonim* wujud *frasa* ingkang saged dipunpanggihaken wonten ing *antologi* novel Nglari Woting Ati.

Salah satunggaling tuladha *antonim* wujud *frasa tipe biner* ingkang wonten ing antologi novel NWA kados ing ngandhap punika.

Saking pethikan (NWA/I/8/3) ing nginggil, saged dipunpanggihi data tangan kiwa >< tangan tengen. Tangan kiwa >< tangan tengen kalebet tembung *antonim*, dipuntingali saking tegesipun. Tangan kiwa gadhah teges asta sisih kiwa, dene tangan tengen gadhah teges asta sisih tengen. Asta sisih kiwa lan asta sisih kwa punika gadhah panggenan ingkang *bertolak belakang*. Adhedhasar punika, tangan tengen lan tangan kiwa punika kalebet pasangan tembung kosok balen.

(NWA/I/8/3) arupi pasangan *antonim* wujud *frasa*. Kalebet *antonim* wujud *frasa* amargi ing ukara punika, saben anggota pasangan *antonim* kasusun saking kalih tembung. Setunggal tembung minangka *inti* wondene tembung sanesipun minangka

atributif. Tembung tangan punika minangka perangan ingkang dipuntrangaken utawi *inti*, menawi kiwa utawi tengen punika minangka perangan ingkang *atributif* utawi nrangaken asta sisih pundi ingkang kangge nindakaken kagiyatan punika.

Salajengipun (NWA/I/8/3) arupi pasangan *antonim tipe biner* amargi wonten ing kara punika namung wonten *antonim* saking tembung kekalih kalawau, inggih punika tangan kiwa >< tangan tengen. Saged dipuntingali saking tembung lingganipun kiwa, namung gadhah pasangan tembung kosok balen tengen kemawon. Saking *frasa-nipun*, tangan kiwa namung gadhah pasangan kosok balen tangan tengen, amargi boten wonten malih tangan sisih ngajeng utawi wingking, lan tangan sanesipun.

Tegesipun tangan kiwa >< tangan tengen wonten ing (NWA/I/8/3) menawi dipuntingali saking *konteks*-ipun inggih punika penutur wonten mriki Muherdini, ngandharaken bilih sisihanipun inggih punika Irawan ngginakaken asta sisih tengen kangge ngelus-ngelus rikmanipun Muherdini, wondene astanipun Irawan ingkang sisih kiwa kangge nyagak mustakanipun Muherdini.

Antonim wujud *frasa* ingkang dipunpanggihaken kaping kalih wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika *antonim tipe gradual* ingkang tuladhanipun dipunpanggihaken pasangan *antonim* dalam padhang >< dalam remeng-remeng >< dalam peteng.. Dalam padhang, dalam remeng-remeng, dalam peteng punika kalebet *antonim* dipuntingali tegesipun. Dalam padhang inggih

punika dalam ingkang cahyanipun sumunar., dalam remeng-remeng nggih punika dalam ingkang cahyanipun sumamar, dene dalam peteng inggih punika dalam ingkang boten wonten cahyanipun.

(NWA/I/24/7) arupi pasangan *antonim* wujud *frasa*. Kalebet *antonim* wujud *frasa* amargi ing ukara punika, saben anggota pasangan *antonim* kasusun saking kalih tembung. Setunggal tembung minangka *inti* wondene tembung sanesipun minangka *atributif*. Dalam punika minangka perangan ingkang dipuntrangaken utawi *inti*, dene menawi padhang, remeng-remeng, saha peteng punika minangka perangan ingkang nrangaken utawi *atributif*.

(NWA/I/24/7) punika kalebet *antonim tipe gradual* amargi tembung padhang, remeng-remeng, lan peteng punika arupi tingkatan wonten ing kahanan kathah sekedhikipun cahyanipun. Tembung padhang, remeng-remeng, lan peteng punika saged dipunwiyaraken malih menawi tetembungn kalawau dipunsukani tembung sanesipun. Tuladhanipun rada peteng, rada padhang, gumantung miturut pamanggihipun piyambak. Awit adhedhasar punika pramila tembung padhang, remeng-remeng, lan peteng punika kalebet *antonim tipe gradual*.

Tegesipun tembung dalam padhang, dalam remeng-remeng, lan dalam peteng wonten ing (NWA/I/24/7) inggih punika penutur, Bu Laras ibnipun Muherdini ngandharaken putrinipun boten pareng budhal wonten ngamanca supados Muherdini mangertosi kados pundi cara ingkang sae

kangge anggayuh gegayuhanipun.

Antonim wujud *frasa* ingkang sanesipun inggih punika *antonim* wujud *frasa tipe berjenjang*. Ing ngandhap punika tuladha *antonim* wujud *frasa tipe berjenjang* ingkang dipunpanggihaken wonten novel Nglari Woting Ati. Saged dipunpanggihaken pasangan *antonim* setaun >< patang taun. Setaun lan patang taun punika kalebet *antonim* dipuntingali saking tegesipun. Taun punika *satuan* etanganipun yuswa, salajengipun angka ing ngajengipun tembung taun punika ngandharaken cacahipun yuswa punika. Setaun punika sami kalihan setunggal taun. Saking andharan punika pramila ndadosaken setaun punika kosok balen kaliyan patang taun, amargi cacahipun yuswa punika kosok balen, tuwa kalihan langkung enem.

Lajeng, (NWA/II/47/13) punika kalebet *antonim* antawisipun *frasa* amargi setaun kaliyan patang taun punika kasusun saking tembung ingkang langkung saking setunggal. Setaun kalian patang taun punika kasusun saking tembung *atributif-inti*. Angka ingkang ngajeng punika nrangaken tuwa/enemipun yuswa.

(NWA/II/47/13) kalebet *antonim tipe berjenjang* amargi, setaun lan patang taun punika arupi jenjang ing etangan yuswa. Setaun punika nedahaken bilih yuswanipun langkung enem katimbang patang taun. Amargi nedahaken jenjang utawi tingkatan ing etangan yuswa punika pramila (NWA/II/47/13) kalebet *antonim tipe berjenjang*.

Tegesipun setaun lan patang taun ing (NWA/II/47/13) miturut konteks ukaranipun

inggih punika beda antawisipun yuswanipun Wawan putranipun Rudi ingkang nembe setunggal taun, langkung enem tinimbang Arda putranipun Muherdini ingkang uswanipun sekawan taun.

Antonim ingkang salajengipun ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika *antonim wujud frasa tipe khusus*. Tuladhanipun dipunpanggihaken data senthong tengen >< senthong kiwa. Tembung senthong tengen >< senthong kiwa punika kalebet *antonim* amargi dipuntingali saking tegesipun. Senthong inggih punika panggenan kangge sare penganten, kiwa lan tengen punika tembung kosok balen ingkang tegesipun bertolak belakang nedhahaken wonten ing sisih pundi papan senthong punika. Adhedhasar punika, tembung senthong tengen lan senthong kiwa kalebet tembung kosokbalen utawi *antonim*.

(NWA/IV/189/45) kalebet *antonim* wujud frasa amargi senthong tengen >< senthong kiwa punika kasusun dening kalih tembung. Senthong tengen >< senthong kiwa punika kalebet *inti-atributif*. Senthong punika nedahaken *inti*, dene kiwa lan tengen nedahaken *atributif* amargi nrangaken tembung senthong kalawau. Sakng adhedhasar punika, tembung senthong tengen >< senthong kiwa kalebet *antonim* wujud frasa.

Adhedhasar teori ingkang dipunginakaken minangka landhesan, (NWA/IV/189/45) kalebet pasangan *antonim tipe khusus*. (NWA/IV/189/45) punika kalebet *antonim khusus* ingkang *biner peka konteks* amargi pasangan *antonim* punika mirip kaliyan

antonim biner, ananging kawontenan pasangan *antonim* punika adhedhasar konteksipun, inggih punika panggenan kangge sare penganten. Menawikados mekaten, saged wonten anggota *antonim* sanesipun malih kadosta, senthong kiwa wonten kamar ngajeng punapa wingking. Adhedhasar punika (NWA/IV/189/45) kalebet *antonim* khusus amargi saking tembung kiwa lan tengen saged dipunpanggihi tembung kosokbalen sanesipun.

(NWA/IV/189/45) menawi dipuntingali saking konteks-ipun, gadhah teges bilih Raja Anak Agung Gedhe Ngurah, raja saking Narmada menawi badhe sare kalihan garwa lan selir ingkang asalipun saking Tanah Jawa, migunakaken panggenan ingkang sisih tengen, ananging menawi badhe sare kalihan garwa utawi selir saking Lombok lan Bali migunakaken panggenan sisih kiwa.

Antonim wujud *klausa* inggih punika kalih *klausa* ing setunggaling ukara ingkang ngewrat teges kosok balen. Ing *antologi* novel rembulan ndadari dipunpanggihaken setunggal tipe *antonim* wujud *klausa*. Tipe *antonim* wujud *klausanipun* badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap punika.

Antonim wujud *klausa* ingkang dipunpanggihaken kaping pisan wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika *antonim tipe gradual* saged dipun panggihaken *antonim* Segarane biru, gisike karengga wedhi putih, kathik gedhe-gedhe, meh sak kacang ijo, >< dadi ora lembut kaya ing Pasir Putih Situbondo, kang yen teles warnane malih soklat. Pethikan punika ngandharaken bedanipun kahanan segara wonten ing Gili

Meno kalihan segara ing Situbondo. Saking tembung ingkang wonten, menawi wonten ing Gili Meno segarane biru, wedhi putih, gedhe-gedhe. Dene wonten ing Situbondo, wedhinipun lembut lan saged malih soklat. Saking andharan punika sampun katingal bilih punkakalebet antonim, amargi wonten tembung kosokbalen wedhi putih >< wedhi malih soklat; gedhe-gedhe, meh sak kacang ijo >< wedhi lembut. Adhedhasar punika, (NWA/IV/189/46) kalebet pasangan *antonim*.

(NWA/IV/189/46) punika kalebet *antonim wujud klausa* amargi (NWA/IV/189/46) punika kasusun saking kalih *klausa* ing setunggaling ukara ingkag ngewrat teges kosok balen. *Klausa* ingkang sepisan inggih punika Segarane biru, gisike karengga wedhi putih, kathik gedhe-gedhe, meh sak kacang ijo punika arupi setunggal *klausa* ingkang gadhah susunan JWJK. Salajengipun, dadi ora lembut kaya ing Pasir Putih Situbondo, kang yen teles warnane malih soklat punika arupi satunggal *klausa* ingkang susunanipun KJWL.

Adhedhsaar teori ingkang dipunginakaken minangka landhasan, (NWA/IV/189/46) punika kalebet *antonim tipe gradual* amargi tembung-tembung ingkang kalebet wonten ing ukara wonten nginggil kalebet tingkatan werni, saha ukuran ageng alit. ingkang saged dipunwiyaraken malih, kadosta tembung putih >< soklat, gedhe >< lembut, saged dipunwiyaraken dados radi putih, radi soklat, putih banget, soklat banget punika buthek sanget, radi gedhe, radi lembut, lsp.

Miturut konteksipun, (NWA/IV/189/46)

gadhah teges bilih miturut penutur inggih punika Muherdini, kaendahan segara Gili Meno punika beda kalihan Pasir Putih Situbondo. Wonten ing Gili Meno punika toya segaranipun biru, wedhinipun putih lan ageng-ageng kados kacang ijo, beda kalihan wonten ing Situbondo ingkang wedhinipun lembut lan saged malih dados werni soklat menawi kenging toya segara.

Antonim wujud klausa ingkang dipunpangguhaken wonten ing saklebeting novel Nglari Woting Ati salajengipun inggih punika *antonim wujud klausa tipe khusus*, ingkang saged dipunpangguhaken data Arep sambang bojo nyang Negara Landa, sambang anak nyang Indonesia! Saking data punika saged dipuntingali wonten tembung ingkang gadhah teges kosokbalen, inggih punika sambang bojo nyang Negara Landa >< sambang anak nyang Indonesia. Sambang bojo nyang Negara Landa >< sambang anak nyang Indonesia punika kalebet tembung kosok balen amargi gadhah teges ingkang beda, bojo punika sishan, menawi anak punika putranipun utawi *darah daging*, salajengipun negara landa punika tegesipun ngamanca, dene Indonesia punika tanah air kita piyambak. *Klausa* punika ngandharaken bilih posisi utawi panggenan anggenipun sisihan lan putranipun punika beda boten wonten ing setunggal daerah. Adhedhasar punika, data wonten ing (NWA/II/47/13) kalebet pasangan *antonim*.

(NWA/II/47/13) punika kalebet *antonim wujud klausa* amargi (NWA/II/47/13) punika kasusun saking kalih *klausa* ing setunggaling ukara ingkag ngewrat teges kosok balen.

Klausu ingkang sepisan inggih punika Arep sambang bojo nyang Negara Landa punika arupi setunggal *klausu* ingkang gadhah susunan WLK. Salajengipun, sambang anak nyang Indonesia punika arupi satunggal *klausu* ingkang susunanipun WLK.

Adhedhasar teori ingkang dipunginakaken minangka landhesan, (NWA/II/47/13) kalebet pasangan *antonim tipe* khusus, amargi pasangan *antonim* punika mirip kaliyan *antonim biner*, ananging kawontenan pasangan *antonim* punika adhedhasar konteksipun, inggih punika sisihan lan putranipun ingkang boten gesang wonten ing setunggal daerah, inggih punika ingkang putra wonten ing Indonesia, dene sisihanipun wonten ing negara landa. Menawi kados mekaten, saged wonten anggota *antonim* sanesipun malih kadosta, Indonesia bageyan wetan punapa kilen, semonten ugi negara Landa tebih punapa caket. Putranipun ageng punapa alit, sisihanipun ayupunapa ala. Adhedhasar punika (NWA/II/47/13) kalebet *antonim* khusus amargi saking klausu sambang bojo nyang Negara Landa >< sambang anak nyang Indonesia saged dipunpanggihaken tembung kosokbalen sanesipun.

(NWA/II/47/13) menawi dipuntingali saking konteksipun, gadhah teges bilih penutur inggih punika Muherdini ndherek prihatos amargi kahanan sisihan kalihan putranipun Rudi boten gesang brayan wonten ing setunggal negara, dene menawi Rudi badhe sowan putra utawi sisihanipun, sami mawon tebihipun.

Wonten ing novel Nglari Woting Ati saged dipunpanggihaken setunggal *antonim* wujud ukara, inggih punika *antonim* wujud ukara *tipe gradual*, ingkang badhe kaandaraken kados data ingkang dipunpanggihaken Yen koran Indonesia dibabar ing kertas plano kang gampang suwek. Apamaneh yen kudanan, gampang dadi bubur >< Koran kene kertase luwih tipis ning katon yen luwih kuwat. Mula racake koran kene kandeke sakbantal-bantal. Ukara punika saged kalebet pasangan *antonim* dipuntingali saking tegesipun. Ukara ingkang sepisan inggih punika Yen koran Indonesia dibabar ing kertas plano kang gampang suwek. Apamaneh yen kudanan, gampang dadi bubur, ingkang gadhah teges bilih koran wonten ing Indonesia punika ngginakaken kertas plano ingkang tipis, gampang suwek, punapa malih menawi kening toya jawah, gampang sanget dados bubur. Ukara pasanganipun inggih punika Koran kene kertase luwih tipis ning katon yen luwih kuwat. Mula racake koran kene kandeke sakbantal-bantal. ingkang gadhah teges bilih koran ing Washington punika dipundamel saking kertas ingkang langkung tipis, ananing langkung kuwat boten gampang sowek saha saged dipundamel kathah cacahipun kados bantal kandelipun, boten kados koran wonten ing Indonesia. Adhedhasar mekaten, ukara wonten ing nginggil punika kalebet pasangan *antonim*.

(NWA/III/90/21) kalebet *antonim* wujud ukara amargi kasusun saking kalih utawi langkung ukara ingkang gadhah pasangan *antonim*. (NWA/III/90/21) kasusun saking sekawan ukara inggih punika Yen koran

Indonesia dibabar ing kertas plano kang gampang suwek kasusun saking unsur ukara JWK, ukara salajengipun Apamaneh yen kudanan, gampang dadi bubur kasusun saking unsur ukara KWL, ukara ingkang kaping tiga Koran kene kertase luwih tipis ning katon yen luwih kuwat kasusun saking unsur ukara JWK, ingkang pungsan inggih punika Mula racake koran kene kandel sakbantal-bantal kasusun saking unsur ukara JWK. Saking andharan punika saged dipuntektokake bilih (NWA/III/90/21) kalebet ukara ingkang gadhah pasangan *antonim*.

Adhedhasar teori ingkang dipunginakaken minangka landhasan, (NWA/III/90/21) punika kalebet *antonim tipe gradual* amargi tembung-tembung ingkang kalebet wonten ing ukara wonten nginggil kalebet tingkatan ingkang saged dipunwiyaraken malih. Tembung-tembung ingkang wonten pethikan ing nginggil nedahaken babagan kertas ingkang dipunginakaken damel koran wonten ing Indonesia lan Washington. Tembung ingkang saged dipunwiyaraken malih kadosta tembung gampang suwek >< luwih kuwat, menawi tembung luwih dipunilangaken, tingkatan kandelipunkertas punika saged dados namung kuwat utawi malah dipuntambahi tembung sanget dados kuwat sanget.

Dipuntingali saking konteks ukaranipun, pethikan (NWA/III/90/21) gadhah teges bilih penutur inggih punika Muherdini saweg ngandharaken bedaniun kertas anggenipun mbabar koran wonten ing Washington lan Indonesia. Wonten ing Indonesia, kertas

ingkang dipunginakaken inggih punika kertas plano ingkang tipis lan gampang suwek dados bubur amargi kening toya jawah, beda kalihan koran Washington ingkang kadamel sakng kertas langkung tipis ananging langkung kuwat, pramila wonten ing Washington punika koran saed dipundamel kandelipun kados bantal.

PANUTUP

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran *Antonim* wonten ing novel Nglari Woting Ati ingkang sampun katindakaken, saged dipunpendhet dudutan, bilih wujudipun antonim ingkang saged dipunpanggihaken wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika antonim wujud tembung antonim wujud frasa, antonim wujud klausa, saha antonim wujud ukara.

Tipe-tipenipun antonim ingkang saged dipunpanggihaken wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika *antonim tipe biner*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang*, saha *antonim tipe khusus*. Wonten ing novel Nglari Woting Ati boten sedaya tipe dipunpanggihaken wonten ing saben wujudipun. Tipe *antonim* ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel Nglari Woting Ati, inggih punika *antonim* wujud tembung kaperang dados sekawan tipe, inggih punika *antonim tipe biner*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang*, saha *antonim tipe khusus*. *Antonim* wujud frasa ugi kaperang dados sekawan tipe, inggih punika *antonim tipe biner*, *antonim tipe gradual*, *antonim tipe berjenjang*, saha *antonim tipe khusus*. *Antonim*

wujud *klausa* kaperang dados kalih tipe, inggih punika *antonim tipe gradual* saha *antonim tipe khusus*. Salajengipun *antonim* wujud ukara kaperang setunggal *tipe*, inggih punika *antonim tipe gradual*.

Tegesipun pasangan-pasangan antonim wonten ing novel Nglari Woting Ati inggih punika teges *gramatikal* pramila anggenipun pados tegesipun adhedhasar *konteks* ukaranipun.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2001. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung : Sinar Baru Algesindo.

_____. 1988. *Semantik Pengantar Studi tentang Makna*. Bandung : Sinar Baru Algesindo.

Chaer, Abdul. 1990. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta : PT Rineka Cipta.

Hadiwidjoyo. 1993. *Kata dan Makna: teman penulis dan penerjemah menemukan kata dan istilah*. Bandung: Penerbit ITB.

Kridalaksana, Harimukti. 2011. *Kamus Linguistik Edisi Keempat*. Jakarta: Gramedia PustakaUtama.

_____. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia PustakaUtama.

Lyons, John. 1976. *Semantic I*. London: Cambridge University Press.

Mulyana. 2008. *Semantik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: FBSUNY.

_____. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University.

_____. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada.

Pateda, Mansoer. 1989. *Semantik Leksikal*. Flores: Nusa Indah.

Poerwadarminta. 1939. *Baoesasatra Djawa*. Groningen Batavia: J.B Wolters' Uitgevers-Maatschappij.

Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta : Gama Media.

Sukardi, dkk. 1995. *Antonimi dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Suwandi, Sarwiji. 2008. *Semantik Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta : Media Perkasa.

Tim Redaksi KBBI. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.